



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/6/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE REKIPERE PLIS PASE \$10 MILYON NAN SALÈ NAN PREMYE TWA MWA 2016

Yo te ede plis pase 17,000 Viktim vòl salè

Kantite tan rapid pou etabli yon rekò sou lajan ki te retounen pou travayè yo, kòm Gouvènè a ap kontinye efò agresif pou konbat eksplwatasyon travayè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te retounen plis pase \$10 milyon dola a plis pase 17,000 viktim vòl salè pandan premye twa mwa nan ane 2016. Kantite Lajan sa depase premye trimes total ane pase de \$9 milyon e li mete eta sou wout pou depase \$31.5 milyon nan salè ke yo te vòlè ke yo te rekipere nan 2015 – kantite ki pi wo pase toutan. Ogmantasyon nan rekiperasyon salè se rezilta nan efò Gouvènè a pou derasinen eksplwatasyon travayè nan plizyè endistri toupatou nan Eta New York.

“Eta New York gen zewo tolerans pou travay yo kap chèche pou vòlè anplwaye yo ki te travay di pou salè yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kantite sa yo demontre klèman siksè efò nou ki ankou pou konbat eksplwatasyon travayè. "Nap kontinye diminye konsiderableman sou travay san skripil yo epi asire ke yo peye yon salè ekitab pou yon jou travay ekitab.”

Tablo ki annaprè a bay yon repatisyon de \$10.2 milyon ke yo te distribye a 17,208 viktim vòl salè nan premye trimès 2016 la:

Rejyon	Kantite Lajan Debouse	Kantite Travayè
Capital Region	\$262,753.86	982
Central New York	\$150,375.10	387
Finger Lakes	\$106,715.34	398
Long Island	\$1,386,654.35	1,434
Mid-Hudson	\$512,511.68	646
Mohawk Valley	\$18,044.26	42
Vil New York	\$7,431,566.22	11,318
North Country	\$32,268.86	150
Southern Tier	\$74,455.64	149
Western New York	\$261,699.35	1,702

Kèk nan fason ki pi komen pou yon travay ka vòlè salè ka gen ladann:

- Peye poubwa sèlman
- Peye pousantaj pou yon jou travay, sa ki enferyè a salè minimòm lè ou konte èdtan ke ou te travay
- Pa peye yon pousantaj siplemantè pou èdtan ke yo travay ki plis pase 40 èdtan nan yon semèn pweòl
- Pa peye pou lè travay ant devwa travay nan menm jou
- Kenbe chèk Peman Final
- Pa peye pou “lè fòmasyon”
- Chaje anplwaye yo pri pou inifòm oswa ekipman ki obligatwa

Gouvènè Cuomo te kreye Gwoup Travay la pou Konbat eksplwatasyon travayè nan yon varyete endistri kote yo te souvan viktim abi, men pa denonse yo paske yo pè revanch. Anpil nan moun sa yo se imigran e yo viktim souvan pèt salè. Souvan yo sibi kondisyon travay ki pa ansekirite, ki pa gen ijèn, lè travay enstab oswa ki pa pwograme, ak dediksyon ilegal pou ekipman, fòmasyon ak inifòm. Yo te ka trafike kèk ladan yo. Yo gen tandans pou travay anba tab, e yo souvan izole jeyografikman.

Manm ajans nan Gwoup Travayè Eksplwate Gouvènè a gen ladan Depatman Travay, Lapolis Eta New York, Komisyon Konpansasyon Travayè, Taks ak Finans, Agrikilti ak Mache ak Sante, ansanm avèk State Liquor Authority, Divizyon Dwa Imen, Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl, ak Biwo Sèvis ki baze sou kwayans.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou rekiperasyon vòl salè nan Eta New York, vizite: www.labor.ny.gov/wagetheft.

###

Waj jwenn enfòmasyon disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418